



Mèsi dèske w achte yon Etikèt Jete Matla (“Mattress Sticker”)

Pwochen etap yo:

1. Tanpri, kontakte Sèvis 311 pou Rezidan yo (311 “Constituent Services”) alavans pou w pwograme yon randevou pou yo vin ranmase matla ak/oswa bòks (somye) pou ou. Rele nan 3-1-1 oswa 617-666-3311 (si w deyò Somerville) oswa vizite somervillema.gov/311 pou w jwenn plis opsyon kontak.
2. Mete yon etikèt jete sou chak atik w ap jete, e mete yo yon kote ki byen vizib.
3. Mete atik yo sou twotwa a nan jou yo fikse pou ranmase yo a: y ap ranmase matla oswa bòks la (somye) bò twotwa a yon jou apre jou fatra nòmal ou a. Kòm eksepsyon pou rezidan ki gen jou fatra vandredi yo, y ap ranmase matla ak bòks (somye) pou yo nan jou vandredi tou.
4. Lè w ap mete yon atik sou twotwa a, asire w etikèt la bay sou lari e li byen vizib.

Tanpri, note sa:

- **Kantite matla ak bòks y ap jete pou chak pwopriyete se 2 atik pou pi plis pa semèn.**
- **Yo konsidere chak matla e chak bòks kòm yon atik apa e yo chak dwe gen yon etikèt.**
- **Matla ki gen ti bèt (parazit) oswa ki sal anpil dwe gen yon etikèt jete matla sou yo tou, e dwe gen yon randevou ranmasaj espesyal pou yo.** Tanpri, rele nan 311 oswa 617-666-3311 pou w planifye sa.
- **Matla ak bòks ki bloke yon twotwa ka lakòz ou peye amann.** Lè w ap mete atik sou yon twotwa, tanpri, kite yon gran espas omwen 36 pous lajè (twa pye).
- **Met atik yo sou twotwa a anvan 7è a.m. nan jou y ap vin ranmase yo a:** Ou ka mete yo deyò apati 4è p.m. depi nan jou ki vin anvan jou y ap ranmase yo a — men fòk yo deja deyò anvan 7è a.m. nan jou y ap vin ranmase yo a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou travay jete matla ak bòks la (somye), tanpri, skane kòd QR la oswa vizite: somervillema.gov/mattressrecycling



Moun ki gen andikap ki bezwen aranjman selon Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA) pou yo gen aksè ak pwogram sa a kapab rele alavans nan 311 (617-666-3311).